ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№175 (23.333) ● 2016 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 8, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



● Фэеплъ пэкIухэр

## Апхуэдэр пщыгъупщэ хъунукъым

**Терроризмэм ебэнынымкIэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм Бахъсэн районым и жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ полицейхэмрэ фэеплъ пэкIу, футбол цIыкIумкIэ зэхьэзэхуэ ирагъэкIуэкIащ.**

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, Урысейм а махуэр щагъэуващ 2005 гъэм икIи ар пыщIащ 2004 гъэм фокIадэм и япэ махуэхэм Осетие Ищхъэрэ-Аланием къыщыхъуауэ щыта гузэвэгъуэшхуэм. Абы щыгъуэ хьэкIэкхъуэкIагъэ зэхэзыщIыхьа бзаджащIэхэм яубыдат Беслъэн и къалэ школхэм ящыщ зыр.

Беслъэн къыщыхъуам, террор хьэгъэщагъэхэм щыхэкIуэдахэм я фэеплъ махуэм, фокIадэм и 3-м Урысейм и МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм и пщIантIэм щекIуэкIащ Терроризмэм ебэнынымкIэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм теухуа пэкIур. Абы хэтащ къудамэм и унафэщI Хьэкъун Елдар, къулыкъущIэхэр, лэжьакIуэхэр, къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ IэнатIхэм, къэрал кIуэцIыдзэхэм я ветеранхэр, школхэм я еджакIуэхэр, Бахъсэн къалэ администрацэм и лIыкIуэхэр, зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я адэ-анэхэр, «Уи унагъуэм мамырыгъэ» жылагъуэ организацэм и унафэщI Шыбзыхъуэ Сафудин, Хьэжы Анзор зи тхьэмадэ «Бахъсэн» МОВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым хэтхэр.

ПэкIум къыщыпсэлъахэм жаIащ зэкъуэту террорым пэщIэтын зэрыхуейр. «Беслъэн къыщыхъуа гуауэшхуэр дигу къэдгъэкIыжкIэрэ, дэ къыдгурыIуэн хуейщ дызэкъуэтмэ терроризмэм, экстремизмэм дызэрытекIуэнур», - къыхигъэщащ Хьэкъун Елдар.

ХэкIуэдахэм зы дакъикъэкIэ хуэщымри, пэкIум къекIуэлIахэм зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ, иужькIэ шар хужь гъэпщахэр яIутIыпщащ.

ПэкIум и кIэухыу Бахъсэн къалэм и стадионым футбол цIыкIумкIэ зэпеуэ щекIуэкIащ.

*Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-уэхущIапIэ.*



## Я къуажэгъу хахуэхэм я щIыхькIэ

**Шэджэм муниципальнэ районым и къуажэу тIум я курыт еджапIэхэм къыщызэIуахащ Хэку зауэшхуэм хэкIуэда я къуажэгъу цIэрыIуэхэм я щIыхькIэ фэеплъ пхъэбгъухэр.**



ЛАШЫНКЪЕЙ къуажэм дэт курыт еджапIэ №1-м щагъэува апхуэдэ пхъэбгъум тратхащ Совет Союзым и ЛIыхъужь Къуэныкъуей Назир и цIэр. А лётчик хахуэр зауэм и зэманым кхъухьлъатэм исү 246-рэ лъэтащ, езым и закъуэ бийм и кхъухьлъатэу 15, и ныбжьэгъухэм ящIыгъуу кхъухьлъатэу 8 къриудыхащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Хэку зауэшхуэм и зэманым япэу Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр зыфIащауэ щыта Байсултанов Алим и цIэр тетщ Яныкъуей къуажэм дэт школым и блыным къыфIадза пхъэбгъум. Байсултанов Алим тенджыз авиацэм хэтащ. Капитан хахуэр кхъухьлъатэм ису а зэманым 277-рэ лъэтащ, хьэуам щекIуэкIа зэхэуэу 45-м хэтащ, езым и щхьэкIэ бийм и кхъухьлъатэу 7 къриудыхащ, лъэтэным хунимыгъэсу 2 аэродромхэм щикъутащ. ЗауэлI лIыхъужьыр 1943 гъэм Балтикэм щыхэкIуэдащ.

Совет Союзым и ЛIыхъужьхэм я щIыхькIэ фэеплъ пхъэбгъухэр къызэрызэIуахым теухуа зэIущIэхэм кърихьэлIащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, властым и орган зэмылIэужьыгъуэхэм я лIыкIуэхэр, лIыхъужьхэм я благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, къуажэдэсхэр, педагогхэмрэ еджакIуэхэмрэ.

**КIАРЭ Элинэ.**



## ЛъагапIэщIэхэр

● АПК

**КъБР-м и агропромышленнэ комплексым и зэфIэкI псори ирихьэлIэнущ гибрид нартыху нэхъыбэ къэгъэкIыным.**

IУЭХУМ елэжь IэщIагъэлIхэм я мурадщ нартыху жылапхъэм хухах щIыр гектар мини 10-м нагъэсыну. Мыбдежми зы гектарым къытрахынур тонни 4-5-м и кIэ къиху хъунукъым. «Псом ящхьэр нартыху гибридыр ди щIыналъэм щыгъэбэгъуэным теухуауэ къыхалъхьэ программэхэр иджырей дунейпсо мардэхэм тетын икIи а Iуэхур къэралым мылъкукIэ къыддиIыгъын зэрыхуейрщ», - къыхагъэщ щIэныгъэлIхэм.

Къатщтэмэ, нартыху жылапхъэ хэплъыхьа къэгъэкIыным илъэс кIуам къэрал, щIыналъэ бюджетхэм къахэкIа мылъкуу мелуан 37,5-м щIигъу хухахащ. Мы илъэсми жылапхъэфIым и къэщэхуным мэкъумэш хозяйствэхэм трагъэкIуэда сом мелуан 22,5-м нэблагъэр пшыныжынымкIэ къэралыр субсидиехэмкIэ къадэIэпыкъуну угугъэ хъунущ. Дауэ хъуми, нартыху гибрид гъэкIынымкIэ КъБР-м бжьыпэр зэриубыдыным ди мэкъумэшыщIэхэр хущIэкъунущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**



● Узыншагъэ

## IэмэпсымэщIэ къаIэрохьэ

**Налшык къалэ дэт поликиникэ №2-м флюорограф IэмэпсымэщIэ щагъэуващ.**

АР КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм щIыналъэ бюджетым къыхэкI мылъкукIэ къищэхуащ. Ди къэралым щащIа IэмэпсымэщIэм сом мелуани 5 и уасэщ, сыхьэтым къриубыдэу абыкIэ цIыху 60-м я узыншагъэр къыупщытэфынущ.

Поликиникэм и дохутыр нэхъыщхьэ Емуз Маринэ зэрыжиIэмкIэ, флюорографым Iэмал къаритынущ IуэхущIапIэм къепха цIыху мин 77-м я щытыкIэр тэмэму къапщытэну. НэхъапэкIэ яIа Iэмэпсымэр жьы хъуащ, ар илъэси 10-кIэ къагъэсэбэпащ. Иджы IэмэпсымэщIэм и фIыгъэкIэ цIыху нэхъыбэм я узыншагъэр къапщытэфынущ, апхуэдэ щIыкIэкIи жьэн узыфэр зиIэ сымаджэхэр и чэзум къахутэфынущ.

*КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ.*



## Бжьыхьэсэ гуэдзыр мы гъэм нэхъ бэгъуащ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мы гъэм бжьыхьэсэ гуэдзу тонн мини 167,05-рэ къыщрахьэлIэжащ. Нэгъабэ елъытауэ ар процент 28,5-кIэ нэхъыбэщ.**

ГЪАВЭР гектар мин 47,5-м щызэрахьащ икIи ику иту дэтхэнэ гектарми центнер 35-рэ къытрахащ (2015 гъэм гектар мин 49-м нэблагъэм бжьыхьэсэ гуэдзыр щагъэкIауэ щытащ).

МэкъумэшыщIэхэм апхуэдэу горохыр, бжьыхьэсэ, гъатхасэ хьэр къехьэлIэжын яухащ.

*КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэ.*

● Гу зылъытапхъэ

## Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэвдзынумэ

2016 гъэм фокIадэм и 1-м щегъэжьауэ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми цIыхухэм Iэ щытрадзэ хъунущ 2017 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ. Ахэр связым и лэжьакIуэхэм и зэманым унэм ныфхуахьыжынущ е, нэхъ къафщтэмэ, газетхэмрэ журналхэмрэ пощт IуэхущIапIэхэм къыщеIыфхыж хъунущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къегъэхьыным пыщIауэ фызыщымыгъуазэ псомкIи феупщI хъунущ пощтым и IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм.

*«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал предприятэм и къудамэу КъБР-м щыIэ.*

### Лъэ быдэкIэ мэув

**«Текстиль-Индустрия» предприятэм и къудамэ «Бахъсэн трикотаж фабрикэ» ООО-р лъэ быдэкIэ мэув.**

ИДЖЫРЕЙ IэмэпсымэфIхэмкIэ хъарзынэу къызэгъэпэща мы IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэунэтIар махуэ къэс цIыхум зэрихьэ щыгъын тынш къызэрыгуэкIхэр гъэхьэзырынырщ. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, щIагъщIэлъхэр, трикотаж джанэ, гъуэншэдж лIэужьыгъуэхэр. Фабрикэм къыщIигъэкI хьэпшыпхэр сыт хуэдэ ныбжьми тещIыхьащ.

Конструктор-технологие хуэIухуэщIэ пэрытхэмкIэ IэнатIэр къызэрызэгъэпэщам Iэмал къаритащ дэтхэнэ зы щыгъыныгъуэри дунейпсо щапхъэм иту ягъэхьэзырыну. Хьэпшып къэс иратыну теплъэри плъыфэри а Iуэхум хуэгъэпса компьютер программэ щхьэхуэм тету яубзыху, мы зэманым зекIуэ модэхэми сыткIи техуэу. А псоми йолэжь фабрикэм дизайнымкIэ и бюрор.

### Республикэм и щIыналъэхэм

IуэхущIапIэм зы жэщ-махуэм къриубыдэу продукцэу тонн 15-20 къыщIегъэкI. Ар мазэм нэсынущ тонн 350 - 440-м. Абы лэжьыгъэ IэнатIэкIэ цIыхуи 100-м щIигъу къызэригъэпэщащ. Дызыхуэкуэ зэман гъунэгъум ар 190-м нагъэсыну я мурадщ.

#### Нартыхур Iуахыж

**Ди республикэм и мэкъумэш IэнатIэхэм нартыхур щыIуахыж.**

МЫ ЗЭМАНЫМ ирихьэлIэу гектар мини 2,5-м нэблагъэр къахыжыну хунэсащ. ШыщхьэуIу мазэм и хуабэр сэбэпышхуэ зыхуэхъуа гъавэр бэв хъуащ - зы гектарым хуэзэу къытрах центнер 60 нэхърэ мынэхъ мащIэ. НобэкIэ кърахьэлIэжар мэкъумэш хозяйствэхэм щыхасам и проценти 2 къудейрщ. ФокIадэ мазэр уэфIу зэрекIуэкIым тетмэ, нартыхур кIэрыхуншэу, къыхуагъэува пIалъэми фIэмыкIыу Iуахыжынущ. Псом хуэмыдэу иджыпсту хэгъуэм щоужьэрэкI Бахъсэн, Тэрч, Дзэлыкъуэ, Аруан щIыналъэхэм. Къуршылъэхэм нэхъ зэрыпэгъунэгъум къыхэкIыу, хэгъуэр нэхъ гуврауэ Шэрэдж щIыналъэм щаублэнущ. Нэхъ кIасэу Iуахыжынущ силосыпхъэ нартыхури.

#### Бжьыпэр иIыгъщ

**Рентгеныр зыхуену и пкъыгъуэ щхьэхуэхэр (штативхэмрэ абы пкърылъ Iэмэпсымэхэмрэ) щагъэхьэзыр «Севкаврентген-Д»-м пэхъун IуэхущIапIэ нобэкIэ Урысейм иткъым.**

ЗЭМАНЫМ къыдэкIуа гугъуехьхэми емылъытауэ зызыхъумэжа заводыр иджыпсту хущIокъу иIэ зэфIэкIхэм хигъахъуэу, дунейпсо утыкум зэрихьэным. ООО-м конструктор къудамэ ехьэжьа иIэщ. Дунейпсо щапхъэ нэхъыфIхэм тету абы щолэжь Iэмэпсымэхэр къызыхащIыкI гъущIым и фIагъыр нэхъри егъэфIэкIуэным. Iуэхур къезыхьэлIэ IэщIагъэлIхэм я бжыгъэр 200-м ноблагъэ, IэзагъкIи абыхэм къапэхъун къэгъуэтыгъуейщ.

«Севкаврентген»-рщ стационар мардэм тету къагъэсэбэп икIи щIыпIэ-щIыпIэхэм къыщрашэкI «детектор ягъэIэпхъуэ» Iэмэпсымэхэр япэу къыщагупсысар. КъищынэмыщIауэ, абы и унафэщIхэм япэу яхузэфIэкIащ Италием и рентген фирмэ нэхъ цIэрыIуэхэм зэгурыIуэныгъэ иращIылIэу купщIафIэу ядэлэжьэну. Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр зиIэ IуэхущIапIэм хьэрхуэрэгъу къыхуэхъухэри мащIэкъым. Ауэ псом ящхьэращи, узыфэхэр къызэрахутэ IэмэпсымэфIхэр гъэхьэзырынымкIэ къэралым бжьыпэр щызыубыдахэм хабжащ. Къэралпсо мыхьэнэ зиIэ ООО-р щIэх-щIэхыурэ ирагъэблагъэ рентген хуэIухуэщIэхэмкIэ Урысейм щрагъэкIуэкI гъэлъэгъуэныгъэхэм, инвестицэхэмкIэ форумхэм.

**ЖАНХЪУЭТ Зузэ.**

## Мы махуэхэм

**ФокIадэм и 8, *махуэку***

♦**ЩIэныгъэ зэгъэгъуэтыным и дунейпсо махуэщ.** ООН-м щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыным теухуауэ къищта унафэм ипкъ иткIэ ягъэувауэ 1966 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ.

♦**Журналистхэм я зэкъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ.** Фашизмэм и бий ерухэм ящыщ чех журналист Фучик Юлиус Берлин и тутнакъэщ Плётцензее 1943 гъэм фокIадэм и 8-м гуузу щаукIауэ щытащ.

♦**Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ - Кутузов Михаил зи унафэщI урысеидзэм Бородино и деж щригъэкIуэкIа зауэшхуэм и махуэщ**

♦**Финансистым и махуэщ**

♦**Танкистым и махуэщ.** 1946 гъэм Москва и Ут Плъыжьым щекIуэкIащ танк дивизэм, Кантемировхэ я цIэр зезыхьэм, и парад. Абы лъандэрэ хабзэу увауэ, фокIадэм и 8-м а дзэ лIэужьыгъуэм и махуэр ягъэлъапIэ.

♦**1636 гъэм** Гарвард университетыр - США-м и еджапIэ нэхъыжь дыдэхэм икIи нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщ зыр - къызэрагъэпэщащ.

♦**1941 гъэм** Ленинград къалэр фашистыдзэхэм къаухъуреихьащ. А къапхъэныр щызэпатхъыфар 1944 гъэм щIышылэм и 27-рщ. А зэманым къриубыдэу къалэдэс мин 600-м щIигъу мэжэщIалIагъэм ихьащ, нэмыцэ кхъухьлъатэхэм кърадзых лагъымхэр къатехуэурэ хэкIуэдащ.

♦Пушкин Александр и щхьэгъусэу щыта **Гончаровэ Наталье** къызэралъхъурэ илъэс 204-рэ ирокъу.

♦Дагъыстэным и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Ленинным и цIэр зезыхьэ, СССР-м и Къэрал саугъэтхэм я лауреат **Гамзатов Расул** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ ухуакIуэ, КъБР-м и Парламентым и депутату щыта **Къандэхъу Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэ **КIэдыкIуей Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 27-рэ, жэщым градус 15 - 18 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 9, *мэрем***

♦**Дахагъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Дизайнер-графикым и махуэщ**

♦**Таджикистан Республикэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ.** 1991 гъэм фокIадэм и 9-м къащтащ Таджикистаныр СССР-м къызэрыхэкIым теухуа унафэ.

♦**Корее ЦIыхубэ-Демократие Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэшхуэщ - КНДР-р къыщызэрагъэпэща махуэщ (1948 гъэм)**

♦**1776 гъэм** Америкэм и колоние зэгуэтхэр Америкэм и Штат Зэгуэтхэу зэрахъуэкIащ.

♦**1984 гъэм** Москва щыщIидзащ шахматистхэу Карпов Анатолийрэ Каспаров Гаррирэ дунейпсо чемпион хъунур хэтми щызэхагъэкI зэпеуэр. Ар мазитхукIэ екIуэкIащ икIи куэдыщэрэ зэрызэрытемыгъакIуэм къыхэкIыу, зэпагъэун хуей хъуауэ щытащ.

♦**1970 гъэм** Волжскэ автозаводым «ВАЗ-2101» (Жигули) автомашинэ лIэужьыгъуэр къыщIигъэкIыу щIидзащ.

♦**1999 гъэм** Москва Гурьяновым и цIэр зезыхьэ уэрамым щалэжьа терактым и зэранкIэ псэупIэ унэхэм ящыщ къэуащ. Абы цIыхуи 106-рэ хэкIуэдащ.

♦Урыс тхакIуэшхуэ, дунейпсо литературэм и классик **Толстой Лев** къызэралъхурэ илъэси 188-рэ ирокъу.

♦Шапсыгъ джэгуакIуэ **Щхьэлахъуэ Алий** къызэралъхурэ илъэси 134-рэ ирокъу.

♦Совет усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, сабийхэм яхуэтхэу щыта **Заходер Борис** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджыIакIуэ, композитор, СССР-м и цIыхубэ артист **Гуляев Юрий** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Румянцевэ Надеждэ** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Шапсыгъ сурэтыщI, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и художник **Хьэпышт Хьисэ** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **Мысрокъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Адыгей сурэтыщI **Гъуэгунокъуэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 28-рэ, жэщым градус 16 - 19 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Мэзым пхъэ яшэркъым.**

● ДифI догъэлъапIэ

# Хъаний Мирон и гум нэгъуэщIу идэркъым



**Хэку зауэшхуэм и пэкIэ къуажэ сабийхэм лъапцIэрыщэрэ зэрызехьэу хьэблэхэм къыщажыхьырт, мы дунейр тIэу пкIэгъуэ къащымыхъуу, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щызэпеуэрт. Абыхэм яхэтт илъэс зыхыбл зи ныбжь Хъаний Мирон. Адрейхэм зыкIи къахэщыртэкъым, къызэрыгуэкI щIалэ цIыкIут. Зауэ илъэсхэри, абы и ужь лъэхъэнэри псоми я зэхуэдэ хьэлъэт. Арами, мы гъащIэм къыщыпэплъэхэмкIэ нэгъуэщI куэдхэм ар къахэнэIукIырт... Абы къыпэщылът жылапхъэгъэкI селекционер, биолог, мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор хъуну. Къыхэгъэщыпхъэщ бэвагъыр селекцэ лэжьыгъэмрэ жылапхъэфIхэмрэ я мызакъуэу, щIым и зехьэкIэми куэдкIэ зэрелъытар. Абы зэманрэ къаруурэ текIуадэм гъавэгъэкIхэр фIыуэ щыгъуазэщ. ИтIани, къытезгъэзэжынщи, селекцэмрэ жылапхъэхэмрэ согъэнэхъыщхьэ, сыту жыпIэмэ, зэрытщIэщи, щIым хэплъхьэрщ къуитыжыр.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, РСФСР-м щIыхь зиIэ и агроном Хъаний Мирон еджагъэшхуэ къудейкъым. Республикэм мэкъумэш къэкIыгъэхэр щагъэунэху и станцымрэ агрохимие IуэхущIапIэмрэ я унафэщI къулыкъухэр щрихьэкIым, и щIэныгъэр а IэнатIэхэм кууэ къыщигъэсэбэпащ. А илъэсхэм Мирон итхырт «Къэралым и ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэр, мэкъумэш хозяйствэм зэпIэзэрыту зиужьыныр селекцэмрэ жылапхъэ гъэкIынымрэ ягъуэт гулъытэм куэдкIэ елъытащ». Абы щыхьэт тохъуэ Кубанымрэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым щагъэунэху и хьэсэхэмрэ нобэ гъавэ бэв къазэрыщыхуэхъур.

Хъанийм и щIэныгъэ гъэунэхуныгъэхэм ящыщ зыбжанэм сыкъытеувыIэн и пэ къихууэу, Кавказым и мэкъумэш щIапIэхэр щIыналъищу - тафэтесу, жьэгъущIэсу, бгылъэу - зэрызэщхьэщахыр газетеджэхэм ягу къэзгъэкIыжынут. Дэтхэнэми езым и щхьэхуэныгъэ иIэжщ, къэкIыгъэхэр зэхуэдэу щезэгъыркъым.

Хъанийм и къэхутэныгъэхэм щызэпилъытащ бжьыхьэсэ гуэдзым, нартыхум, кIэртIофым, сэхураным, нэгъуэщIхэми я жылапхъэфIхэр къыщагъэкIын папщIэ, тафэтес, жьэгъущIэс щIыпIэхэм псыIагъэу яIыгъын хуейр. Абыхэм щызэрихьа жылапхъэхэм бэвагъыу къатынур кууэ иджащ. Апхуэдэу и кандидат, и доктор диссертацэхэр щигъэхьэзырым Кавказ Ищхъэрэ курыхым и тафэтес, и жьэгъущIэс щIыпIэхэм къэкIыгъэ лIэужьыгъуэ зыбжанэ щигъэунэхуащ икIи и лэжьыгъэм кърикIуахэр Украинэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и академием щыпхигъэкIащ. Абы щыгъуэ къигъэхъуа нартыху лъэпкъхэм ящыщщ «Академие» зыфIищар.

«Гъэсыныпхъэхэм къыдэзыгъахуэ технологие къабзэхэм тету мэкъумэш къэкIыгъэхэр зэрызэрахьэр» лэжьэкIэ пэрытыр пхыгъэкIыным еджагъэшхуэм хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ. Гъэсыныпхъэхэмрэ энергиемрэ зэзыгъэзахуэ инновацэ технологие къабзэхэр гъэхьэзырыным, ахэр я лъабжьэу мэкъумэш къэкIыгъэ нэхъыщхьэхэр КъБР-м щыщIэным теухуауэ абы къызэригъэпэща щIэныгъэ еджапIэм къалэн щхьэпэ егъэзащIэ. А школым наIуэ къищIащ фIагъ лъагэ зиIэ мэкъумэшхэкIхэр Кавказ Ищхъэрэ курыхым къызэрыщыпхуэлэжьынур. Абы теухуауэ игъэхьэзыра чэнджэщхэм я мыхьэнэр щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм къыщалъытащ, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм арэзы щытехъуауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Ставрополь крайм, къэралым и нэгъуэщI щIыпIэхэм я хозяйствэхэм къыщагъэсэбэп. И къэхутэныгъэхэм (№2463760, №2478288) япкъ иткIэ, бжьыхьэсэ гуэдзымрэ соемрэ зезыгъэужь полимерхэр хьэсэхэм халъхьэ. Абыхэм къэкIыгъэхэм я къабзагъымрэ я фIагъымрэ яхъумэ. «ЩIыгулъым и къэуатым зэрыхагъахъуэ Iэмалыр» (патент №2011147923) Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Осетие Ищхъэрэ-Аланиемрэ я мэкъумэш IэнатIэхэм жыджэру къыщагъэсэбэп. Ар Хъанийм и унафэм щIэту ягъэхьэзыращ.

ЩIЭНЫГЪЭ куу зэриIэм, зэрыцIыху пэжым, зэрыгуапэм, зэрыгущIэгъулым папщIэ, и лэжьэгъухэм я мызакъуэу, куэд щIауэ зыхэт студентхэми пщIэшхуэ къыхуащI. IэщIагъэлIхэмрэ щIэныгъэ лэжьакIуэхэмрэ гъэхьэзырыным къаруушхуэ ирехьэлIэ. КъБКъМУ-мрэ Бгырыс КъМУ-мрэ (Владикавказ къ.) мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор (кандидат) диссертацэхэр щыпхагъэкI я Совет хэхахэм илъэс Iэджэ кIэ хэтащ.

Республикэм и адрей еджагъэшхуэ куэдми хуэдэу, профессор Хъаний Мирон КъБКъМУ-м щолажьэ, ВДНХ-м и дыщэ медаль, 27-нэ Мэзкуу къэрал зэхуаку тхылъ выставкэм, Урысейпсо гъэлъэгъуэныгъэм и лауреатым я дипломхэр къызыхуагъэфэща «Мэкъумэш къэкIыгъэхэм я селекцэмрэ жылапхъэхэмрэ» и тхылъымкIэ студентхэм лекцэ къахуоджэ.

Совет лъэхъэнэм щыгъуэ гъэсэныгъэ Iуэхури егъэджакIуэхэм я пщэрылът. Иджы щытыкIэм зихъуэжами, Мирон а лэжьыгъэр къигъэнакъым. ЕгъэджакIуэ нэхъыжьхэм зэращыщыр имыгъэгъуащэу, ноби щIалэгъуалэм я гъэсакIуэ-ущиякIуэщ, нэгъуэщIу и гум къыхуидэркъым. «ГъэсакIуэ жыджэру» IэнатIэм зыкъыщызыгъэлъагъуэ гуэрхэм езыхэм я бынхэр тэмэму яхуэущийркъым. Хъаний Мирон апхуэдэхэм ящыщкъым. Ар унагъуэ дахэм и тхьэмадэщ. И щхьэгъусэ Замирэ биологие щIэныгъэхэм я кандидатщ, доцентщ. Абыхэм пхъуищ зэдагъуэтащ, лъэпкъ хабзэм щIапIыкIащ, ирагъэджащ, гъуэгу захуэ трагъэхьащ. Я нэхъыжь Маринэ экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм щолажьэ, къыкIэлъыкIуэ Иринэ мэкъумэш щIэныгъэхэм я докторщ, КъБКъМУ-м АгрономиемкIэ и кафедрэм и профессорщ, ещанэр - Аринэ - акушер-гинекологщ, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и Перинатальнэ центрым и къудамэм и унафэщIщ.

Профессор Хъаний Мирон щIэныгъэ лэжьыгъэу 285-м нэблагъэ иIэщ. Абыхэм ящыщу 25-р монографиерэ зэреджэ тхылърэщ. И къэхутэныгъэхэм патент 12 къыпэкIуащ, щIэныгъэхэм я кандидату 37-рэ, я доктору 5 игъэхьэзыращ.

И гуащIэ хьэлэлым дамыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыпэкIуащ. Апхуэдэщ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ мэкъумэш хозяйствэмкIэ я министерствэхэм я щIыхь тхылъхэр, СССР-мрэ УФ-мрэ я ВДНХ-м я дыщэ медалхэр, и унафэщIхэм къабгъэдэкIа фIыщIэ, щытхъу, саугъэт куэдыкIейхэр.

Илъэс пщIейм щхьэдэхами, Хъаний Мирон ноби жыджэрщ, лэжьакIуэшхуэщ, егъэджэныгъэ Iуэхум, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Урысеймрэ я мэкъумэш щIэныгъэм зегъэужьыным хуэфащэ хэлъхьэныгъэ хуещI.

ЦIыху гъуэзэджэ, республикэмрэ зи адэжь лъахэмрэ хуэпэж си ныбжьэгъум узыншагъэ быдэ, мамыр гъащIэ, зэIузэпэщыныгъэ иIэну сохъуэхъу.

**ЩОДЖЭН Аслъэнбэч,**
*техникэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик.*

## «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандаткIэ Iэ щаIэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпIэ округ» зы мандаткIэ Iэ щаIэт хэхыпIэ округ №14-м щатха кандидатхэм я хэхъуэхэмрэ абыхэм я мылъкумрэ ятеухуауэ

| №№ | Кандидатым и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр | Ахъшэм и хэкIыпIэмрэ псори зэхэту илъэсым зэрыхъумрэ | Ямыгъэлэпхъуэ мылъкур: Щы Iыхьэхэр | ПсэупIэ унэхэр | Фэтэрхэр | Гаражхэр | Къинэмыщ мылъкур | Транспортыр | Ахъшэр, гъущIыкIэ лъапIэхэр | Къинэмыщ мылъкур: Акцэхэр, коммерческэ IуэхущIапIэхэм хэлъ нэгъуэщI мылъкур |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **Щхьэгуэш Адэлбий Лул и къуэр** | УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэ, сом 4735560,13-рэ | 1) КъБР, метр зэбгъузэнатIэ 462,683-рэ (мылъку зэхэлъщ) 2) КъБР, метр зэбгъузэнатIэ 461,790-рэ (мылъку зэхэлъщ) | - | КъБР, метр зэбгъузэнатIэ 126,2-рэ | - | - | - | 1 счёт, сом 124839,36-рэ | - |
| 2 | **Пащты Борис СулътIан и къуэр** | КъБР-м и Парламент, сом 1007317,53-рэ | КъБР, метр зэбгъузэнатIэ 920-рэ (мылъку зэхэлъщ) | КъБР, метр зэбгъузэнатIэ 458-рэ (мылъку зэхэлъщ) | - | - | - | - | счёти 5, сом 67728,00-рэ | «ЩIалэгъуалэм я унэ» ООО, проценти 100 |
| 3 | **Токъу Руслан Мухьэрбий и къуэр** | «Техно-Алмаз» ООО, сом 120000,00-рэ, пенсэр сом 463075,05-рэ | КъБР, метр зэбгъузэнатIэ 2704-рэ (мылъку зэхэлъым и Iыхьэ щанэ) | - | - | КъБР, метр зэбгъузэнатIэ 25,0-рэ | КъБР, метр зэбгъузэнатIэ 628,8-рэ (мылъку зэхэлъым и Iыхьэ щанэ) | 2002 гъэм къыщIагъэкIа TOYOTA-CAMRY автомобиль псынщIэ | счёти 3, сом 36149,83-рэ | «Техно Алмаз» ООО, процент 25-рэ |
| 4 | **Цумаев Мусэ Мутуш и къуэр** | «Газпром межрегионгаз Пятигорск», сом 1933321,89-рэ | - | - | - | - | - | 1998 гъэм къыщIагъэкIа MERCEDES-BENZE 240 | счёти 2, соми 164,60-рэ | - |
| 5 | **Щхьэгъэпсо Сэфарбий Хьэсэнбий и къуэр** | КъБР-м и Парламент, сом 1007317,53-рэ, УФ-м и МВД-м Краснодар дэт и университетым и Кавказ Ищхъэрэ IэщIагъэм щыхагъахъуэ институт, сом 97651,42-рэ, пенсэр сом 198709,81-рэ, гонорархэр сом 11001,20-рэ, Урысейм и МВД-м Краснодар дэт и университет сом 36983,00-рэ | - | - | - | - | - | - | счёти 2, сом 84374,54-рэ | - |
| 6 | **Жылэ Хьэсэн Руслан и къуэр** | - | - | - | - | - | - | 2012 гъэм къыщIагъэкIа TOYOTA-CAMRY автомобиль псынщIэ | - | - |
| 7 | **Султановэ Аишат Токболат и пхъур** | Пенсэу сом 33368,25-рэ | - | - | - | - | - | - | счёти 2, сом 102759,36-рэ | - |
| 8 | **Шаваев Камал Хьэсэн и къуэр** | - | - | - | - | - | - | - | - | - |

**Политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм хэхыныгъэмкIэ я фондхэм къагъэхь ахъшэмрэ а ахъшэр къызэрагъэсэбэпымрэ яхуэгъэза Iуэхухэм ятеухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

*2016 гъэм шыщхьэуIум и 17-м* *Налшык къалэ* *№150/12-5*

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къащта Федеральнэ закон №20-ФЗ-м и 74-нэ статьям и Iыхьэ 9-м ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республики и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм хэхыныгъэмкIэ я фондхэм къагъэхь ахъшэмрэ а ахъшэр къызэрагъэсэбэпымрэ яхуэгъэза Iуэхухэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрадзэн папщIэ яхуегъэхьын икIи ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

2. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ Евтушенкэ С. В.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ**

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2016 гъэм шыщхьэуIум и 17-м къыдигъэкIа унафэ №150/12-5-кIэм къищтащ***

**Политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэхэм хэхыныгъэмкIэ я фондхэм къагъэхь ахъшэмрэ а ахъшэр къызэрагъэсэбэпымрэ яхуэгъэза Iуэхухэр (ХъумапIэ банк акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и IуэхущIапIэхэм къагъэхьа бжыгъэхэм япкъ иткIэ)**

**Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еблэнэ хэхыгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэхэр**

*2016 гъэм шыщхьэуIум и 16-м ирихьэлIэу*

| №№ | Политикэ партым и щIыналъэ къудамэм зэреджэр | Псори | КъаIэрыхьа ахъшэр: Псори зэхэту: Абыхэм ящыщу сом мин 50-м щIигъу ахъшэу юридическэ IэнатIэхэм къыхалъхьар: псори, сом мин | Юридическэ IэнатIэм зэреджэр | сом мин 20-м щIигъу ахъшэу цIыху щхьэхуэхэм къыхалъхьар: псори, сом мин | цIыхухэм я бжыгъэр | Ахъшэу къагъэсэбэпар: псори | абыхэм ящыщу зэуэ сом мини 100-м щIигъуу къагъэсэбэпар: къыщагъэсэбэпа махуэр | псори, сом мин | ахъшэр зытрагъэкIуэдар | Ахъшэу ирагъэгъэзэжар: псори, сом мин | щIрагъэгъэзэжа щхьэусыгъуэр |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| | **«Урысей Федерацэм и коммунист парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ къудамэ** | 1000 | - | - | - | - | 0,96 | - | - | - | - | - |
| | **«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэ** | 12925 | 100<br>100<br>100 | «Велес-Агро» ООО<br>«Риал» ООО<br>«Элеватор» ООО | 50 | 1 | - | - | - | - | - | - |
| | **Псори зэхэту «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм къаIэрыхьа ахъшэр** | 12925 | 300 | - | 50 | 1 | - | - | - | - | - | - |
| | **Псори** | 13925 | - | - | 50 | 1 | 0,96 | - | - | - | - | - |

**Кандидатхэм хэхыныгъэмкIэ я фондхэм къагъэхь ахъшэмрэ а ахъшэр къызэрагъэсэбэпымрэ яхуэгъэза Iуэхухэм ятеухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

*2016 гъэм шыщхьэуIум и 17-м* *Налшык къалэ* *№150/13-5*

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр зэрыхахым и IуэхукIэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къащта Федеральнэ закон №20-ФЗ-м и 74-нэ статьям и Iыхьэ 9-м ипкъ иткIэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандаткIэ Iэ щаIэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпIэ округ» зы мандаткIэ Iэ щаIэт хэхыпIэ округ №14-м и окружной хэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI**:

1. Кандидатхэм хэхыныгъэмкIэ я фондхэм къагъэхь ахъшэмрэ а ахъшэр къызэрагъэсэбэпымрэ яхуэгъэза Iуэхухэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрадзэн папщIэ яхуегъэхьын икIи ахэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащIэ-телекоммуникацэ сетым щиIэ сайтым илъхьэн.

2. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщIым и къуэдзэ Евтушенкэ С. В.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и унафэщI ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ**

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм 2016 гъэм шыщхьэуIум и 17-м къыдигъэкIа унафэ №150/13-5-мкIэ къищтащ***

**Кандидатхэм хэхыныгъэмкIэ я фондхэм къагъэхь ахъшэмрэ а ахъшэр къызэрагъэсэбэпымрэ яхуэгъэза Iуэхухэр (ХъумапIэ банк акционер зэгухьэныгъэ зэIухам и IуэхущIапIэхэм къагъэхьа бжыгъэхэм япкъ иткIэ)**

**Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и еблэнэ хэхыгъуэм и депутатхэм я хэхыныгъэхэр**

*2016 гъэм шыщхьэуIум и 16-м ирихьэлIэу*

| №№ | Кандидатым и унэцIэр, и цIэр, и адэцIэр | Псори | КъаIэрыхьа ахъшэр: Псори зэхэту: Абыхэм ящыщу сом мин 50-м щIигъу ахъшэу юридическэ IэнатIэхэм къыхалъхьар: псори, сом мин | Юридическэ IэнатIэм зэреджэр | сом мин 20-м щIигъу ахъшэу цIыху щхьэхуэхэм къыхалъхьар: псори, сом мин | цIыхухэм я бжыгъэр | Ахъшэу къагъэсэбэпар: псори | абыхэм ящыщу зэуэ сом мини 100-м щIигъуу къагъэсэбэпар: къыщагъэсэбэпа махуэр | псори, сом мин | ахъшэр зытрагъэкIуэдар | Ахъшэу ирагъэгъэзэжар: псори, сом мин | щIрагъэгъэзэжа щхьэусыгъуэр |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 | 7 | 8 | 9 | 10 | 11 | 12 | 13 |
| | Джатэ Арсен Хьэчим и къуэр | 2,6-рэ | 4 | - | - | - | 2,5-рэ | - | - | - | - | - |
| | Жанокъуэ Аслъэн Къэралбий и къуэр | 20 | - | - | - | - | 6,5-рэ | - | - | - | - | - |
| | Жылэ Хьэсэн Руслан и къуэр | 50,1 | - | - | - | - | - | - | - | | | |
| | Османов Родион Кемал и къуэр | 5,0 | - | - | - | - | 4,6-рэ | - | - | | | |
| | Пащты Борис СулътIан и къуэр | 300 | - | - | - | - | - | - | - | - | - | - |
| | **Псори** | 377.7 | - | - | - | - | 13,6-рэ | - | - | - | - | - |

Экономикэ Политикэ

# Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● КъэхъукъащIэхэр

## ГъэпщкIуауэ кърашэкIырт

**Дунейм ехыжахэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр дэзыгъэкIIэнатIэм и автобусыр Хабаровскэ крайм и ГАИ-м и лэжьакIуэхэм иджыблагъэ къагъэувыIащ.**

АБЫ ит бэным къыщагъуэтащ бдзэжьей жылэ (икра) фIыцIэу килограмм 500-м щIигъу.

Автомашинэр зезыгъакIуэм хабзэхъумэ IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм къажриIащ дунейм ехыжар Хабаровск крайм и жылагъуэхэм языхэзым псынщIэу нигъэсын хуейуэ.

Бжэр Iурагъэхыу автобусыр къэзыплъыхьа полицейскэхэм щыгъуэ удз гъэгъа лъабжьэхэмрэ бэн кIуэцIымрэ щыгъэпщкIуауэ къыщагъуэтащ пластик кумбыгъэхэм илъ бдзэжьей жылэ фIыцIэ тонн ныкъуэм щIигъу. Дунейм ехыжа гуэри абы щалъэгъуакъым.

**МАРКОВЭ Анастасие.**
*«Аргументы недели»*

# Узбек къэралыгъуэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Каримов Ислъам

**Инсульт къеуэлIауэ тхьэмахуэ кIуам сымаджэщым яша Узбекистаным и президент Каримов Ислъам фокIадэм и 2-м дунейм ехыжащ. Политик цIэрыIуэр къыщалъхуа Самарканд къалэм щыщIалъхьащ. Азие Курытым нэхъ мыхьэнэшхуэ щызиIэ къэралыгъуэхэм ящыщым и Iэтащхьэм и лIэужьыр игу къигъэкIыжащ «Газета.Ru»-м.**



УРЫСЕЙМ и Президент Путин Владимир иригъэхьа щыгъуэ телеграммэм Каримов Ислъам «пщIэшхуэ зиIэ къэрал лэжьакIуэшхуэу, и хэкум и Iэтащхьэ нэсу» зэрыщытар итщ. «Абы и цIэм епхащ узбек къэралыгъуэм и иджырей тхыдэм къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр», - къыщыхьащ тхыгъэм. Ди къэралым и правительствэ делегацэм и пашэу Узбекистаным и президентым и дыуэщIым щыIащ УФ-м и Премьер-министр Медведев Дмитрий.

Каримов Ислъам дунейм зэрехыжам и хъыбарыр - иджырей Узбекистаным и политикэ зэхэтыкIэм и дежкIэ удынышхуэщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, къэралыр иджыпсту зэрыт щытыкIэр зыухуар аращ. Экономист - «технократ»-у унафэщIым хуэкIуэн щIэзыдза Каримовым и щIэныгъэ псори зэхуихьэсри, зэхъуэкIыныгъэм и зэманым Iэтащхьэ хъуащ. А лъэхъэнэм СССР-м къыщалъытэу щытащ политик щIалэщIэхэм я дуней еплъыкIэр. Узбекистан щхьэхуитым абы езым фIэтынш зэхэтыкIэр щызэтригъэуващ - сытым дежи зэныкъуэкъу лъэпкъхэм я пашэхэр езым пэгъунэгъу зыхуищIащ, абыхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм щыгъуазэу щытын папщIэ. IэщIагъэлIхэм зэрыжамкIэ, Керимовым зэтриубла зэхэтыкIэр езыр щымыIэжми, тэмэму екIуэкIынущ. Иджырей Узбекистаным Каримовым къыщызэринэкIакъым политикэ оппозицэ лъэщи радикальнэ ислъамым лъабжьэ хуэхъун гупсысэ зиIэ гупхэри.

Ауэ псом нэхъ шынагъуэраши, Каримовым и ужькIэ зы политик къыкъуэкIынукъым абы хуэдэу унафэщIым и зэчиймрэ, зыхуигъэувыжа къалэнымрэ зэгъэкIуауэ хэлъу. Арыншамэ, зы цIыхур зи тегъэщIапIэ Узбекистаным и политикэ зэхэтыкIэр псынщIэ дыдэу зэтекIынкIэ шынагъуэ щыIэщ.

«Каримовым и щIэиныр - ар Совет Союз нэужь Узбекистаным и къежьапIэм зэрыщытарщ, сыт хуэдэ щыщIэныгъэхэр абы иIами», - жиIащ Каримовым теухуауэ аналитическэ центрым и щIэныгъэлI Карасик Теодор.

Каримов Ислъам 1938 гъэм Самарканд къалэм къыщалъхуащ. Инженер IэщIагъэр зригъэгъуэта нэужь, щылэжьащ республикэм и авиацэ предприятэм, адэкIэ - щIыналъэм и Къэрал планым. 1960 гъэхэм етIуанэ экономист щIэныгъэр зригъэгъуэтри, парт лэжьыгъэм пэрыхьащ. Ар нэсащ Къэрал планым и Iэтащхьэмрэ Узбек ССР-м финансхэмкIэ и министрымрэ я къулыкъухэм.

ЗэхъуэкIыныгъэм и лъэхъэнэм Каримовыр республикэм и Министрхэм я Советым и тхьэмадэ хъуащ. Республикэ коммунист партым илъэс куэд щIауэ и Iэтащхьэ Нишанов Рафик Мэзкуу нэхъ къулыкъу лъагэм ягъэкIуа нэужь, Узбекистаным и Коммунист партым и япэ секретару Каримовыр уващ. А лъэхъэнэм щыIахэм ягу къызэрагъэкIыжымкIэ, политикым Горбачёв Михаил зыхуигъэзауэ щытащ СССР-м и вице-президент къулыкъур Назарбаев НурсултIан иратыну щIэлъэIуу. Каримовым и фIэщ хъурт абы адрей республикэхэми бгъэдыхьэкIэ къахуигъуэтыфыну.

СССР-р щыкъутэжым и зэманым Союзыр зыхъумэну хущIэкъуа къарухэм Каримовыр яхэтащ. Союз зэгурыIуэныгъэщIэм абы Iэ тридзэну и мурадащ, арщхьэкIэ 1991 гъэм екIуэкIа путчым зыри къыщимыкIым а бэнэныгъэр мыхьэнэ зимыIэ хъуащ, икIи Узбек Республикэр СССР-м емыпхауэ щхьэзакъуэ хъуащ.

Унафэр быдэу зыIэщIэлъ Iэтащхьэ губзыгъэм гу къылъатащ политик зэмылIэужьыгъуэхэм. Урысейм и япэ Президент Ельцин Борис абы щытепсэлъыхьащ «Президент марафон» тхылъым.

Ташкент къыщыкIуахэм ящыщ зым Урысей Президентыр къызэIыхьащ, икIи ар къезыгъэблагъэ Каримовым Ельцин имыгъэджалэу къиубыдыжащ. Узбекистаным и Президентым теннисисту зэрыщытар къыхуэщхьэпэжащ - ар лъабжьэ хуэхъуащ Ельциным нэхъ гъунэгъу зыхуищIыну.

### ИпщэмкIэ щыIэ акъылэгъу

«Урысейм ипщэмкIэ акъылъэгъу лъэщ щыхуейщ икIи ар абы иIэщ», - щыжиIащ Каримовым 2000 гъэм «Коммерсантъ»-м ирита интервьюм. ФIыуэ илъагъу Президент Путин Владимир щыхуэзэхэм гуапэу сэлам ирихыурэ, Каримовым псынщIэ дыдэу Урысейм пэжыжьэ хъууэ хуежьащ. Узбекистаныр тIэунейрэ хэкIыжащ ОДКБ дзэ-политикэ зэгухьэныгъэм, иужьрейуэ 2012 гъэм.

2000 гъэхэм и пэщIэдзэхэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм ар къалъытэу хуежьащ Азие Курытым щыщыIэ я акъылэгъу нэхъыщхьэу - псом хуэмыдэу щригъэкIуэкI афган зауэм теухуауэ. Каримовым диIыгъырт Вашингтон Афганистаным щригъэкIуэкI терроризмэм ебэныным ехьэлIа Iуэхугъуэр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, езым и къэралым радикальнэ ислъамым зыщиужьыну хуейтэкъым. 2001 гъэм къыщыщIэдзауэ 2005 гъэ пщIондэ Узбекистаным и щIыналъэм щигъэIащ американхэм я дзэ базэр.

ЗыхъумэжыныгъэмкIэ США-м и министру щыта Расфельд Дональд къызэрыхигъэщамкIэ, Каримовыр «американ демократхэм хуэдэкъым... Ауэ США-м и еплъыкIэхэм зыкIи пэщIэту зыкъигъэлъэгъуакъым». США-м и къэрал секретарь Райс Кондолизэ и автобиографие тхылъым къыщихьащ «я еплъыкIэхэр къазэрыдиIыгъам папщIэ Каримовым мылъку дэIэпыкъуныгъэшхуэ зэригъуэтар». Американ зауэлIхэм дзэ аэродромыр къызэрагъэсэбэпам и мызакъуэу, Узбекистаныр хэтащ Буш Джордж и администрацэм щыIэ ЦРУ-м дуней псом къыщызэригъэпэща «тутнакъэщ щэхухэр» ухуэным. Буш Джорджрэ Каримов Ислъамрэ я зэпыщIэныгъэр зэIыхьащ Андижан зыкъыщызыIэта правительствэм пэщIэт цIыхухэм ящыщу 200-м щIигъу узбек унафэщIхэм щаукIам щыгъуэ. Демократие щытыкIэм сытым дежи хуэсакъ Вашингтон апхуэдэм иужькIэ Ташкент и акъылэгъухэм хибжэу щигъэтыфынутэкъым.

Къапщтэмэ, езы Каримоври США-м зэрыдэлэжьэну хуейр езым ифI къызыхуикIыну унэтIыныгъэхэмкIэт. Узбекистаныр демократие зэхэтыкIэм хуэгъэкIуэн хуейуэ къыхуезыджэ Вашингтон и еплъыкIэхэр политикым и къежьапIэм и деж щигъэуужьыхыжырт. Абы щыхьэт тохъуэ «WikiLeaks»-м къратха американхэм я дипломат зэпсэлъэныгъэхэр. И тетыгъуэр нэхъ кIыхь ищIын папщIэ Каримовыр укIытэртэкъым административнэ зэфIэкIхэмрэ зэрыцIэрыIуэмрэ къигъэсэбэпын.

Япэ дыдэу къэралым и конституцэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, унафэщIыр тетыну зэрыхуитыр лъэхъэнитIщ илъэс тхурытху хъууэ. 1995 гъэм екIуэкIа референдумым Каримовым и къулыкъур 2000 гъэ пщIондэ игъэIэпхъуащ. КъыкIэлъыкIуэу политикыр хэхыныгъэхэм щытекIуащ. АдэкIэ, 2002 гъэм, референдум нэужьым, къэралым и Iэтащхьэм и къулыкъум и зэманыр илъэсиблым хуагъэкIуащ. 2007 гъэм ХэхакIуэ комиссэм Каримовыр хигъэхьащ президентым и къулыкъум щIэбэнынухэм яхэту. 2002 гъэм екIуэкIа хэхыныгъэхэр конституцэщIэм тету зэрекIуэкIам къыхэкIыу, Каримовым и тетыгъуэр япэу къэлъытэн хуейуэ ягъэуващ.

2014 гъэм Узбекистанымрэ Урысеймрэ я зэхущытыкIэхэр ефIэкIуэж хъуащ: Путиныр Узбекистаным кIуэри совет лъэхъэнэм къыщежьа а къэралым телъ щIыхуэ доллар мелуан 800-р хуигъэгъуащ. Абы и фIыгъэкIэ Къыргъызым ихъуреягъкIэ щыIэ газым ехьэлIа псалъэмакъыр зэпIэзэрыт хъужащ, дзэ зэгурыIуэныгъэ зыбжанэм къытеувыIащ, псом хуэмыдэу политикэ унэтIыныгъэм теухуауэ.

Иужьрейуэ Каримовыр Мэзкуу щыщыIар мы гъэм и мэлыжьыхьырщ. Официальнэу къэралыгъуитIыр тепсэлъыхьащ экономикэ щытыкIэм, ауэ языныкъуэ IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, республикэм и президентымрэ Путинрэ зытепсэлъыхьар властым и транзитырщ. КъэралитIыр нобэ зэпэгъунэгъу ещI Афганистаным щыщыIэ щытыкIэм. Иужьрей мазэхэм псынщIэ дыдэу зиужь хъуащ «Талибан» зэщIэхъееныгъэмрэ «Ислъам къэралыгъуэ» террорист зэгухьэныгъэмрэ (гупитIри Урысейм хабзэм къыщезэгъыркъым). Абы къерикIуэнкIэ хъунущ радикальнэ ислъамым зиубгъуныр, Узбекистанымрэ Урысеймрэ я гъунапкъэхэм къекIуэлIэныр.

### ТехникэщIэм щымыгъуазэми, и зэфIэкIыр лъагэт

Великобританием и «ВВС» каналым Каримов Ислъам и къуэрылъхум дригъэкIуэкIа интервьюм къыщыхощ узбек лIыщхьэр къызэрыгуэкI гъащIэм консерватору зэрыщыщытар. Каримов нэхъыщIэм зэрыжиIамкIэ, езыращ адэшхуэр интернетыр къигъэсэбэпу езыгъэсар. «Си адэшхуэм мобильнэ телефон иIэкъым, радио едаIуэркъым, телевизор закъуэщ зэплъыр. Абы интернет къигъэсэбэпамэ, щытыкIэр нэхъыфI хъуну къыщIэкIынт, электрон почтэм письмо хуэстхынт», - дыщIигъужащ Каримов Ислъам-нэхъыщIэм.

Ауэ техникэщIэр зэрыхуэмыгъэIэкIуэлъакIуэр Каримовым зэран къыхуэхъуакъым Узбекистаныр Азие Курытым и къэралыгъуэ нэхъыфIхэм ящыщ зы ищIыну.

Илъэс кIуам Дунейпсо валютэ фондым зэрыхуигъэфэщамкIэ, щIыдагъэм и уасэр зэрехуэхам щхьэкIэ къэмынэу, къэралым и экономикэм зиужь зэпыту екIуэкIынущ. Ар къехъулIащ промышленностымрэ инфраструктурэмрэ зегъэужьыным ехьэлIа программэхэр къызэращтам и фIыгъэкIэ. КъэпщытэныгъэхэмкIэ къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Узбекистаным и ВВП-р илъэс кIуам процентитI 8-кIэ хэхъуащ.

Каримовым къыкIэлъыкIуэу къэралыр зи жьауэ щIэувэнухэм теухуауэ «Газета.Ru»-м нэхъапэIуэкIэ иригъэкIуэкIа щIэупщIэныгъэхэм хэта щIэныгъэлIхэм я еплъыкIэр зэтехуащ. Апхуэдэу къыщIэкIыфынущ премьер-министр Мирзияев Шавкат, абы и къуэдзэ - финансхэмкIэ министр Азимов Рустам, Лъэпкъ ШынагъуэншагъэмкIэ IуэхущIапIэм и Iэтащхьэ Иноятов Рустам сымэ. Абыхэм ящыщу президент къулыкъур къызылъысыну Iэмал нэхъыбэ зыбгъэдэлъыр Мирзияевырщ. Ар благъагъэкIэ епхащ Урысейм и цIыху нэхъ къулей дыдэхэм ящыщ, лъэпкъкIэ узбек Усманов Алишер. Сыт хуэдизкIэ абы Ташкентрэ Мэзкуурэ зэпэгъунэгъу ищIынуми наIуэ щыхъунур кадр зэхъуэкIыныгъэхэр зэфIэкIмэщ.

**КРЮЧКОВ Игорь,**
**БРАТЕРСКИЙ Александр.**
*«Газета.Ru»*

# ЩIыщIэхэр къаIэтыжыну?

● ХэкIыпIэ



***Урысей Федерацэм и агропромышленнэ комплексым и щытыкIэм теухуа упщIэ зыбжанэ «Комсомольская правда» газетым иритащ ди къэралым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Ткачёв Александр.***

**- Урысейм хамэ къэралхэм ярищэ Iэщэм нэхърэ нэхъыбэ ерыскъыхэкIыу ищэ щIэхъуар сыт къызыхэкIар?**

- Ислъэсипщ и пэкIэ агропромышленнэ комплексым зегъэужьын щIэддзащ. А зэманым ирихьэлIащ къуажэхэм зыкъаIэтыныр. Абы и фIыгъэкIэ гъавэу кърахьэлIэр Iыхьэ щанэкIэ хэхъуащ. Хамэ къэралхэм яхуедгъашэ мэкъумэшхэкIыр хуэдэ 15-кIэ дэкIуеящ. Иджыпсту дэ куэду нэгъуэщI къэралхэм яхудоутIыпщ гъавэр, бдзэжьейр, джэдылыр, дагъэр. ДяпэкIэ ди къалэн нэхъыщхьэщ ерыскъы хьэзырхэр иредгъэшыну, ахэр нэхъ лъапIэу тхуэщэнущ. Илъэситху и пэкIэ куэдым хуагъэфэщэфыну щытакъым, Iэщэ щэным къыщIэтхым нэхърэ Iыхьэ щанэкIэ нэхъыбэ ерыскъыхэкIым къытхухэгъэкIыну икIи ар газым къыпэкIуэ хэхъуэм и зэхуэдитIым нэблэгъэну. Фигу къэзгъэкIыжынщи, илъэсипщI и пэ къихуэу ерыскъыхэкI экспортыр доллар меларди 3 хъууэщ зэрыщытар иджы ар доллар мелард 20-м щIигъуащ - а зэманым къриубыдэу хуэдихкIэ хэхъуащ.

**- Хамэ къэралхэм гъавэу етщэм нэхърэ нэхъыбэ ерыскъы хьэзыру етщэфыну Iэмал щыIэ?**

- Гъавэр дыщэм хуагъадэ мыхьэнэшхуэ зиIэ ди гъэтIылъыгъэщ, щIыдагъэм зыкIи къыкIэрымыхуу. Мы махуэхэм щIыдагъэмрэ газымрэ я уасэр ехуэхми, ерыскъыхэкIыр кIуэ пэтми нэхъ лъапIэ хъунущ. Гъавэр къыщалэжьыр Урысейм и Ипщэ щIыналъэхэм, Уралым, Сыбырым, КъуэкIыпIэ Жыжьэм увыпIэшхуэ щиIэнущ.

**- ХыфIадзэжауэ е зэи къамыгъэсэбэпыхауэ Урысейм щIы гектар мелуанхэр щыIэщ. Ар сыт хуэдэ щIыналъэхэра? Дауэ ахэр къэралым къызэрищтэжынур?**

- Гъавэ щIыпщIэ хъуну щIыхэр къызэрищтэжынум теухуауэ Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм законопроект игъэхьэзыращ. ЩIы кIапэр мардэм къызэригъэувым тету илъэсищкIэ къэзымыгъэсэбэпым, судым и унафэкIэ, къытрахыжынущ. Иджыпсту а зэманыр илъэситху мэхъу. АдэкIэ къэралым а щIы кIапэр къэзыгъэсэбэпыфынум ирещэж. ДызыхуэкIуэ илъэсхэм дэ къэтIэтын хуейщ щIы гектар мелуани 10 хуэдиз. Абы и ныкъуэр КъуэкIыпIэ Жыжьэм и щIыналъэхэм щыIэщ. Гектар мелуани 10-р къэтIэтыжрэ гъавэ гъэхьэзырыным хуэдунэтIмэ, Сыбырымрэ КъуэкIыпIэ Жыжьэмрэ и щIыналъэхэм яшхынум и мызакъуэу, къэралым иредгъэш ерыскъыхэкIым куэдкIэ хэдгъэхъуэфынущ. Азие - Хы Хуэм щIыналъэм хиубыдэ къэралхэм ЩIы хъурейм тет цIыхухэм я процент 40-р щопсэу. Ар ди гъавэхэкIыр щидгъэкIыфыну щIыпIэ ин дыдэщ.

Пэжщ, апхуэдиз щIыщIэр къэпIэтын папщIэ техникэ, мылъку, къару куэд ухуеинущ. Техникэхэр уасэ ныкъуэкIэ щIым телэжьыхьхэм ещэным теухуа Iуэхугъуэхэм хэплъэн хуейщ. ЦIыхухэр а щIыналъэхэм къыщызэтегъэувыIа хъун щхьэкIэ, экономикэ и лъэныкъуэкIэ тегъэгушхуапхъэщ. А щIы кIапэхэр Мэзкуу къедзылIакъым е Ипщэ щIыналъэхэм щыщкъым, атIэ Сыбырщ, КъуэкIыпIэ Жыжьэщ.

КъищынэмыщIауэ, нэхъ дгъэткIиину ди мурадщ хамэ къэралхэм щыщ цIыхухэм яIэщIэлъ е бэджэнду яIыгъ щIы гектар мелуан 12-м ехьэлIа мардэхэри. Къэдгъэлъэгъуэн хуейщ абыхэм ящыщ куэдым едгъэбыдылIа щIы кIапэхэр хабзэм къемызэгъыу къызэрагъэсэбэпыр: щIыгулъ къабзэр яуцIэпI, ирахьэлIэ пестицидхэмрэ агрохимикатхэмрэ щIым и къарур щIах.

Хамэ къэралым щыщ цIыхум урысеищIыр бэджэнду къищтэфын щхьэкIэ, игъэзэщIэн хуей Iуэхугъуэ зыбжанэ дыубзыхуащ. Псалъэм папщIэ, бэджэнду щIыр яIыгъыну зэрыхуит зэманыр дгъэмэщIэнущ: нэхъ мащIэ дыдэу илъэсищ, нэхъыбэу илъэс 15. ЩIы кIапэм телэжьыхь цIыхухэм я процент 75-р Урысейм и цIыхуу щытын хуейщ. Бэджэнду къащтэфыну щIыр муниципальнэ щIыналъэм и процент 10 нэхъыбэ хъуфынукъым.

Ди къэралым щылэжьэн хуейр щIым хуэсакъыу зезыхьэн цIыхухэрщ.

**ВОЛКОВ Александр.**
*«Комсомольская правда»*



● ЩIэ

## Iэмэпсымэ тынш

**ЛъакъуэрыгъажэкIэ къыщажыхьын гъуэгухэр еужьэрэкIыу щаухуэ Ингушым и къалащхьэ Магас. ЗэкIэ абы и кIыхьагъыр метр 1500-рэ хъууэ аращ. Къалэм и Iэтащхьэ Цечоев Беслъэн къызэрыхигъэщамкIэ, апхуэдэ лъагъуэхэм щIыпIэ зыбжанэ мыгувэу зэпащIэнущ икIи абыхэм ирижэнущ лъакъуэрыгъажэ таксихэр.**

- ЛЪАКЪУЭРЫГЪАЖЭ таксихэр къагъэсэбэпыфынущ километр зытIущ фIэкIа къызэпызымычынухэм. Автомобиль таксир къэбубыдыну гугъущ икIи апхуэдиз фIэкIа мыхъу гъуэгуанэ щхьэкIэ абыхэм урагъэтIысхьэнукъым, - жеIэ Цечоевым. - Уздежьам лъэсу укIуэныр гугъущ е заман ихьынущ. Апхуэдэхэм деж дэIэпыкъуэгъу хъунущ лъакъуэрыгъажэ таксир.

Зэман кIэщIым криубыдэу зи гугъу тщIа таксихэр къалэ кIуэцIым къыдыхьэнущ. Адрейхэм къащхьэщыкIыу мыхэр лъэсырызекIуэ щIыпIэхэми, автомашинэхэр здэмыкIуэфхэми нэсынущ.

- Къызэрыгуэк транспортыр щызекIуэ мыхъуну щIыпIэшхуэхэм уи нэгу зыщебгъэужьыну, зыплъыхьакIуэ урикIуэну Iэмэпсымэ тыншщ мыхэр, - щыжаIэ къалащхьэм и администрацэм. - Шэч къытепхьэ хъунукъым лъакъуэрыгъажэ таксихэм къалэм и транспорт зэхэтыкIэм увыпIэ хэха зэрыщаубыдынум, къэкIуэнури зейр ахэращ.

Магас къыщызэрагъэпэща лъакъуэрыгъажэ таксир Кавказым щыяпэщ икIи хуэбгъэфащэ хъунущ адрей щIыналъэхэми абы щапхъэ трахыну.

**ВИСЛОВ Иван.**
*«Комсомольская правда»*

● Транспорт

## Псыхуабэ къыпекIуэкI гъуэгур къызэIуах

**2012 гъэ лъандэрэ ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкI гъуэгу Iыхьэм къэрал бюджетым щыщу сом меларди 5,5-рэ текIуэдащ. Абы хэтащ автомобиль техникэ 300-м нэблагъэрэ цIыху 500-м щIигъурэ.**

- ПЯТИГОРСК (Псыхуабэ) къалэм дэмыхьэу къекIуэкI гъуэгур мы гъэм къэралым щаутIыпща нэхъ кIыхьхэм икIи мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщ зыщ, - жиIащ УФ-м траспортымрэ связымкIэ и министр Соколов Максим. - Абы и фIыгъэкIэ Ставрополь краймрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ я транспорт зэпыщIэныгъэр нэхъ зыубгъуа хъунущ. Псыхуабэ къалэми апхуэдиз транспорт дэмыхьэу зигъэпсэхунущ.

Гъуэгум и IыхьэщIэр - ар къалэм къыпекIуэкI гъуэгущ. Абы Iэмал къитынущ гъуэгуанэм зэрытет зэманыр нэхъ мащIэ ищIыну.

- Иджырей махуэшхуэм ди щIыналъэм илъэс 20-м нэблэгъауэ щыпоплъэ, - жиIащ Ставрополь крайм и губернатор Владимиров Владимир. - Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ, ар и чэзум хьэзыр зэрыхъуар. Сыт хуэдэ экономикэ щытыкIэ гугъу къэхъуами, лэжьыгъэр зэи къэувыIакъым, абы хухаха мылъкур тэмэму къытIэрыхьащ.

**БРЕЖИЦКАЯ Еленэ.**
*«Российская газета»*

# ЩIыдагъэмрэ бензинымрэ я зэхущытыкIэр

**Иужьрей илъэситIым щIыдагъэм и уасэр дунейм хуэдитIкIэ щехуэхащ. Апхуэдэу щыт пэтми, Урысейм бензин уасэр щыхэхъуэ зэпытщ. Абы къыхэкIыу куэд щоупщIэ щIыдагъэ нэхъыбэ дыдэ къыщIэзыш къэралхэм ящыщ зым бензиныр апхуэдизу щIэлъапIэм икIи адрей къэралхэм хуэдэу ар нэхъ пуд щIэмыхъум?**

УРЫСЕЙМ бензиныр кIуэ пэтми нэхъ лъапIэ щIэхъум щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ. Нэхъыщхьэхэм ящыщщ абы епха IуэхущIапIэхэр зыIэщIэлъыр цIыху щхьэхуэхэу зэрыщытыр. ЩIыдагъэ къыщIэзышхэм хамэ къэралхэм я деж щафIэкIуэд хэхъуэр урысей цIыхухэм я деж щрагъэкъужыну хэтщ. КъищынэмыщIауэ, УФ-м и налог политикэри уасэр хэзыгъахъуэщ.

Бензиным и уасэр зэрыдэуейм и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ щIыдагъэр ди къэралым щащэ нэхърэ хамэ къэралхэм иратмэ хэхъуэ нэхъ къыпэкIуэу зэрыщытыр. Абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ къэрал политикэм. Урысейм нэхъ къещтэ гъэсыныпхъэ нэхъыбэ дунейпсо рынокым щищэмэ, абы куэдкIэ елъыташ бюджетым хэхъуэ иIэнури. Абы къыхэкIкIэ экспортыр нэхъыбэ зэрыхъунум хуэунэтIа лэжьыгъэхэр ирегъэкIуэкI.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, бюджетым хэхъуэ иIэн щхьэкIэ уасэ щIэзытын хуейр къэралым щыпсэу къызэрыгуэкI цIыхухэрщ. Бензиныр уасэ лъагэкIэ къащэхукIэрэ абыхэм щIыдагъэр къыщIэзышхэм бюджетым хамылъхьэфар ирагъэкъужын хуей мэхъу. А псом къыдэкIуэу къыхэгъэщыпхъэщ щIыдагъэм и уасэр зэрыкIэрыхуам щхьэкIэ ар къыщIэзыш компаниехэм я хэхъуэр нэхъ мащIэ зэрымыхъуар. Уеблэмэ, сомым и пщIэр зэрехуэхам абыхэм я фIыгъэ къекIащ.

### ЩIэупщIэмрэ къыхуагъэлъагъуэмрэ щызэщхьэщыкIым и деж

**Аращ сыт хуэдэ уасэри щIыхэхъуэр. ЩIыдагъэ къыщIэзыш къэралым дауэ ар хуримыкъу зэрыхъунур жыпIэу урегъэгупсыс.**

IУЭХУР зытетращи, экспортым къиxь хэхъуэр нэхъыбэ щыхъум деж къэрал кIуэцI рынокым дефицит къыщохъу. КIэлъыплъакIуэхэм къызэралъытэмкIэ, апхуэдэр къэзыгъэхъур езы щIыдагъэ къыщIэзыш IуэхущIапIэхэрщ, гъэсыныпхъэм и уасэр драгъэуеин папщIэ.

Бензиным и уасэр адэ-кIи дэкIуей зэпыту екIуэ-кIыну хуагъэфащэ. Антимо-нопольнэ IуэхущIапIэм къызэрилъытэмкIэ, мы гъэм гъэсыныпхъэхэр проценти 7-10-кIэ нэхъ лъапIэ хъунущ. КIэлъыплъакIуэхэм къызэрабжамкIэ, Урысейм и бензин уасэхэр Европэм щыщыIэм - 1 литрым еврэ 1,1-1,5-рэ - хуагъакIуэ.

УФ-м и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм бензиным и уасэр зэрехар 1 сом иримыкъукIэщ, уеблэмэ языныкъуэхэм ар щыхагъахъуи къохъу.

**БОГОДВИД Максим.**
*«Новости» РИА*

● Гъэсыныпхъэ




**НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

# Гъуазджэр зи гъащIэ гъуазэу псэуа

● Юбилей

**КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, скульптор цIэрыIуэ, и лъэпкъымрэ абы и щэнхабзэмрэ теухуа лэжьыгъэфIхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа, пасэрей IэпщIэлъапщIагъэр зэфIэгъэувэжынымкIэ зи гуащIэ емыблэжа БжэIумых Хьид псэужамэ, и ныбжьыр илъэс 80 ирикъунут.**



БЖЭIУМЫХ Хьид Тэрч районым хыхьэ Арыкъ (Борыкъуей) къуажэм 1936 гъэм фокIадэм и 3-м къыщалъхуащ. Зэрысабийрэ Iэдэ-уадэмрэ бдзымрэ дахьэха щIалэм Дон Iус Ростов щыIэ Художественнэ училищэр къиухыу 50 гъэхэм къигъэзэжа нэужь, КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм, республикэм и гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ хыхьащ. 1958 гъэм абы и насып къихьри, Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым Шортэн Аскэрбий и пашэу къызэригъэпэщауэ щыта IуэрыIуатэ-этнографие зекIуэм хэтащ. СурэтыщIым къыдалъхуа IэщIагъэр а экспедицэм зэрыхэтам нэхъри игъэбелджылащ икIи абы щыгъуэ и нэгу щIэкIахэр и творчествэм гъуэгугъэлъагъуэ хуэхъуащ.

Бдзыр зи къалэм сурэтыщIым и IэдакъэщIэкIхэм щытхъу куэд къыщалэжьащ и гъэлъэгъуэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Абы и лэжьыгъэхэр 1957 гъэм къыщыщIэдзауэ щагъэлъэгъуащ щIыналъэ, республикэ, урысейпсо, союзпсо, дунейпсо выставкэхэм, щхьэзакъуэ гъэлъэгъуэныгъэхэри иIащ, гупу къызэрагъэпэщхэми хэтащ. БжэIумых Хьид и щIэинхэм ноби щIэупщIэ яIэщ. СурэтыщIым и фэеплъ гъэлъэгъуэныгъэхэр республикэм и музейхэм къыщызэрагъэпэщкIэ цIыхушхуэ къэкIуалIэ: скульптор Iэзэм и лэжьыгъэм дихьэххэр, и ныбжьэгъухэр, благъэхэр. Абыхэм ящыщщ Хьид фIыуэ зыцIыхуу, зылъагъуу икIи пщIэшхуэ хуэзыщIу щытахэр. БжэIумыхым и Iэужьхэм я къэу хьыр унагъуэ хьэпшыпхэм я деж къыщыщIидзэркъым икIи щиухыжыркъым, абы иIэщ мывэм, жыпсым (гипсым), мраморым, пхъэм къыхэщIыкIахэр. Апхуэдэхэщ адыгэ лIыхъужь Андемыркъан, лъэпкъ уэчылу, ущиякIуэу щыта Къэзанокъуэ Жэбагъы, узэщIакIуэ цIэрыIуэ Нэгумэ Шорэ, усакIуэшхуэ икIи философ ПащIэ Бэчмырзэ, тхакIуэ Аджыкъу Джэрий (Лохвицкий Михаил), сымэ, нэгъуэщIхэми я сурэтхэр. КъищынэмыщIауэ, Iэдииху, Дахэнагъуэ сымэ я теплъэхэри ди нэгу къыщIэзыгъэхьэр БжэIумыхым и IэдакъэщIэкIхэрщ. Къэзанокъуэ Жэбагъы и фэеплъ сыну Хьид гъуаплъэм къыхищIыкIар Зеикъуэ къуажэм щагъэуващ.

Гъуазджэр зи гъащIэ гъуазэу псэуа сурэтыщIым и ехъулIэныгъэхэм ящыщщ «Адыгэ пшыналъэхэр» пхъэ скульптурэ зэхэтыр. Мы лэжьыгъэ гупым адыгэ образхэр щызэхуэхьэсащ: адыгэ хьэблэ, адыгэ куэбжэпэ, адыгэ уэрамым щызекIуэ выгу-шыгу зэщIэщIа нэгъунэ пхъэм къыхибзыкIащ. Нэхъыщхьэращи, и лэжьыгъэхэм гупсысэшхуэ ящIэлъщ, къаруушхуэ къыпхалъхьэ. Республикэм исхэр дызэрыпагэ икIи дызэрыгушхуэ и IэдакъэщIэкIхэр хъума зэрыхъунум хущIокъу КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэр, и щхьэгъусэ Светланэ. Скульптор, сурэтыщI IэкIуэлъакIуэм къыщIэна лэжьыгъэ купщIафIэхэм къыдэкIуэу, гу къабзэрэ псэ хьэлэлу дунейм зэрытетамкIэ лъэужь дахэ къигъэнащ. И лэжьэгъуу, и ныбжьэгъуу, ар фIыуэ зыцIыхуу щытахэм Хьид ягу къинащ цIыху Iэсэу, зэпIэзэрыту, щапхъэгъэлъагъуэу.

- Хьид пщIэрэ нэмысрэ зыхэлъ цIыхуу, Совет Союзым, Урысей псом щыцIэрыIуэ скульптору щытащ. СурэтыщI Iэзэхэр щыпсэу къэрал куэдым сыщыIащ, гъэлъэгъуэныгъэ куэдым сыхэтащи, быдэу си фIэщ мэхъу БжэIумыхым и лэжьыгъэхэр дэнэ щIыпIи утыку къыщипхьэну зэрыхуэфащэр, - жеIэ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта Ефэнды Джылахъстэн. - Езыр къытхэмытыжми, къыщIэна и IэдакъэщIэкI купщIафIэхэм ар тхыдэм къыхинащ.

- БжэIумых Хьид и творчествэр Урысейм къыщалъытэ. Хьид и лэжьыгъэхэр утемыукIытыхьу сыт хуэдэ утыкуи ипхьэ хъунущ. И IэдакъэщIэкIхэр къызыхэкIа лъэпкъым и мызакъуэу, нэгъуэщIхэми яхуэгъэзащ.

Си гугъэщ скульптор Iэзэм и лэжьыгъэхэм ящыщ Урысейм и музей нэхъыфI дыдэхэм я гъэтIылъыгъэм щыщ хъуну къылъысауэ, - жеIэ Урысейм и цIыхубэ сурэтыщI Пащты Герман.

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, БжэIумых Хьид и лэжьыгъэ псори гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэдгъэпэщкIэ хэдгъэхьэну Iэмал диIэкъым, сыту жыпIэмэ нэхъапэIуэкIэ екIуэкIа выставкэхэм иужькIэ и IэдакъэщIэкI куэд зэбгрыкIащ, Урысейми къэрал зэмылIэужьыгъуэхэми щыIэ музейхэм я гъэтIылъыгъэ хъуащ. Абы къегъэлъагъуэ дэнэ щIыпIи щыпсэу цIыхухэм БжэIумыхым и лэжьыгъэхэр ягу зэрыдыхьэр, щIэупщIэшхуэ зэраIэр, - жеIэ КъБР-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь Сындыку Нелли. - Скульпторым и лэжьыгъэхэм къагъэлъагъуэ абы адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэм пщIэшхуэ хуищIу зэрыщытар. ГъащIэм зыщрихьэлIа гуауэри гуфIэгъуэри зэдагъэпсынщIэу къызэдэгъуэгурыкIуащ Хьидрэ абы и щхьэгъусэ Светланэрэ. Дэрэжэгъуэ зэрыритам, и лэжьыгъэр зэрыдигъэпсынщIам папщIэ а цIыхубз Iущым фIыщIэ хуэфащэу къызолъытэ.

- Хьид псоми фIыуэ къалъагъуу, пщIэ къыхуащIу, ныбжьэгъу куэд иIэу щытащ. НэгъуэщIхэм я скульптурэхэм БжэIумыхым ейхэр къащхьэщокI и лэжьыгъэхэм зыри лей хэмылъу и кIэм зэрынигъэсамкIэ. Хьид псэ хьэлэлт, гушхуэ зыкIуэцIылъ цIыхут. НэгъуэщI щIыпIэхэм и гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэIуахыну хъыбар къыщрагъащIэкIэ, и ныбжьэгъу зыбжанэм ди лэжьыгъэхэри здишэу щытащ. Иджыблагъэ Красноярск нэс къикIри БжэIумыхым и лэжьыгъэ 40-м нэблагъэ ягъэIэпхъуащ, абы щыIэ музейм щIагъэувэн папщIэ. А лэжьыгъэ купщIафIэхэр республикэм щыхъумэжа хъуамэ нэхъыфIт, шэч хэмылъу, - жеIэ сурэтыщI цIэрыIуэ Бгъэжьнокъуэ Заурбэч. - Къэзанокъуэ Жэбагъы и скульптурэ Хьид игъэхьэзырар Зеикъуэ къуажэ ипщэм и деж щытщ. АбыкIэ блэкI туристхэми республикэм щыпсэу языныкъуэхэми ар зи фэеплъыр, дауи, ящIэркъым. А Жэбагъы и цIэр зезыхьэу а жылэм къыщызэIуахыну яубзыхуа музейм и бжэIупэм фэеплъыр иужькIэ ягъэIэпхъуэну я мурадщ. Кавказым ис лъэпкъ псори зэрыгушхуэ а лIы Iущым и цIэр, и фэеплъыр тхъумэну ди къалэнщ, БжэIумыхым и щапхъэм дытету.

Тхыгъэм и кIэухыу усакIуэ Бицу Анатолэ зэгуэр БжэIумых Хьид хуиуса «IэпщIэлъапщIэ» усэм щыщ сатырхэр къэсхьынщ:

**КъыгуихынщI ятIэр -**
**КъыхищIыкIынщ**
**Пщащэ,**
**ТхьэIухуду.**

**Бгъэдыхьэнщи мывэм -**
**КъыхищIыкIынщ**
**ЩIалэ,**
**И пкъыр уардэу.**

**Дзэл къудамэ цIынэм**
**IэкIуэлъакIуэ дыдэу**
**КъыхиупсыкIынщ**
**Накъырэ.**

**ЩIидзэнщ абы епщэу,**
**КърYгъэкI уэрэдым**
**Къыхигъэжу щIым**
**Накъыгъэр.**

**А уэрэд дахащэм**
**Яхилъхьэнщ гумащIэу**
**Псэ**
**Хъыджэбзым, щIалэм**
**Я пкъым.**

**Дэхуэбэнщ я гущIэр,**
**Къэушынщ гурыщIэр! -**
**ХуеплъэкIынщ зыр зым**
**Хьэщыкъыу.**

**ХуеплъэкIынщи зыр зым-**
**Уафэр къэхъуэпскIынщ**
**А тIум я нэбзийкIэ!**

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**



● Фэеплъ сурэт

**Нурыр къащхьэщихыу мы сурэтым итхэр псори егъэджакIуэщ. Мыхэр щIызэхуэсами щхьэусыгъуэ дахэ дыдэ иIэщ, ар игъащIэм зыми имылъэгъуа гуфIэгъуэ махуэщ. АтIэ, хэт илъэгъуауэ жиIэфын зи егъэджэныгъэ лэжьыгъэр къезыхьэлIэу тIысыжауэ щысхэр зэхуашэсу я нэгу зрагъэужьу, пщIэрэ щIыхьрэ къыхуащIауэ? Зыми! Ауэ ар къэхъуащ иджы!**

**Мы гуфIэгъуэшхуэр егъэкIуэкIын хуейуэ къыхэзылъхьари, къэзыгупсысари Бахъсэн щIыналъэм щыIэ егъэджэныгъэ управленэм и гуащэ Абрэджхэ Тамарэщ, зи гъащIэр кIыхьрэ, зи узыншагъэр быдэу, зи мурад псоми зи Iэр лъэIэсыну къызэхуэсахэр зэхъуэхъурщ!**

## «Iуэхуфiхэм псэ зыхэт я зы ткIуэпс»

**Граждан жэрдэмхэмкIэ комитетым зыхуегъэхьэзыр 2016 гъэм «Граждан жэрдэм» лъэпкъ саугъэтыр къэхьынымкIэ урысейпсо конкурсыр зэрырегъэкIуэкIынум. Мы проектым и унафэщI режиссёр, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Граждан жэрдэмхэмкIэ комитетым хэт Гусман Юлий.**

2016 ГЪЭМ жэпуэгъуэм и 20-м сыхьэт 19.00-м Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапIэм къыщапщытэжынущ «Граждан жэрдэм» лъэпкъ саугъэтыр къэхьынымкIэ зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм къэрикIуахэр икIи текIуахэм «Iуэхуфiхэм псэ зыхэт я зы ткIуэпс» саугъэтхэр иратынущ.

«Граждан жэрдэм» лъэпкъ саугъэтыр къэхьынымкIэ зэпеуэм фыхэтын папщIэ фэ 2016 гъэм фокIадэм и 16-м нэсыху фи заявкэр www.premiagi.ru сайтым ифтхэн хуейщ.

ФыщIэупщIэ хъунущ vikki_chaplin@mail.ru электрон адресымкIэ.

## Зи IэщIагъэм къыхуигъэщIа

**Дыгулыбгъуей къуажэм щыщ Абдокъуэ Мухьэмэдин зи IэщIагъэм хуэIэижь, цIыхухэм зи дзыхь ирагъэз шофёр Iэзэщ.**



● ФIыщIэ

Абдокъуэ Мухьэмэдин

АБХЪАЗ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм щыпсэухэр лIэщIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ зэкIэлъокIуэ, я зэпыщIэныгъэр нэхъ быдэ, нэхъ куу зэрыгъэхъуурэ макIуэ. Абы и лъэныкъуэкIэ илъэс 30-м щIигъуауэ мэлажьэ Налшык - Сыхъум автобус гъуэгур. А линэм тет автобусхэм ящыщ зым илъэс 20-м щIигъуауэ дэсщ мы тхыгъэр зытеухуа Абдокъуэр.

ЗэрытщIэщи, автомашинэхэм я бжыгъэм махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу къащыхэхъуэ ди зэманым гъуэгуанэ жыжьэ утетыныр, дауи, тыншкъым. ТIысыпIэ 50-м нэблагъэ зиIэ автобусышхуэр зебгъэкIуэныр жэуаплыныгъэ зыпылъ лэжьыгъэщ. Абы теухуауэ къалъыс жэуаплыныгъэр зыхащIэу, цIыхухэм я дзыхь кърагъэзу илъэс зыбжанэ хъуауэ зэгурыIуэу зэдолажьэ Мухьэмэдинрэ и лэжьэгъу Хъуромэ Мухьэмэдрэ.

- Автобусым махуэ къэс дыщрохьэлIэ зи хьэлкIи щэнкIи зэтемыхуэ цIыху куэд. Сыхьэт 24-рэ хуэдиз, къэбгъэлъагъуэмэ, зы жэщрэ зы махуэрэ зыдэлъ гъуэгуанэ жыжьэр, пцIы хэмылъу, языныкъуэхэм къатохьэлъэ. ЗэрыжаIэу, зым макъамэр зэран къыхуохъу, адрейр уэрэд щIэдэIумэ нэхъ къещтэ. Аращи, дэтхэнэ зыми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къызэрыхуэдгъуэтыным, арэзы зэрытщIыным, автобусым исхэр зэрызэгурыдгъэIуэнум, ахэр зыщIэлъэIухэр зэрыдгъэзэщIэным иужь дитщ, - жеIэ Мухьэмэдин.

Дауи, апхуэдиз цIыхум ягу удыхьэн папщIэ шыIэныгъэшхуэ пхэлъын, зэпIэзэрыту ущытын хуейщ. Гу зылъыттаращи, Абдокъуэ Мухьэмэдин ящыщщ и IэщIагъэм къыхуигъэщIащ зыхужаIэ шофёр IэкIуэлъакIуэхэм.

**БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.**

## Саугъэт нэхъыщхьэр къехь

**Абхъазым и утым иджыблагъэ щекIуэкIащ «АВГУСТ» арт-фестивалыр. Абы хыхьэу «Хатти», HIGHWAY SIX гупхэм концерт ятащ.**

«КРАФТ» творческэ гупым хэтхэм пшахъуэ анимацэмкIэ, ятIэ гравюрэмкIэ, шарж щIынымкIэ мастер-классхэр ятащ. Апхуэдэу ретро-авто гъэлъэгъуэныгъэхэр къызэрагъэпэщащ. IэпщIэлъапщIэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа хьэпшыпхэр утыку кърахьащ. КъищынэмыщIауэ, Шал Александр пщащэхэр хигъэгъуэзащ сурэт зэрызытрагъэхыну Iэмалхэм.

Пщыхьэщхьэм утым концерт щригъэкIуэкIащ Нало Идар. «Хатти» ансамблыр къызэзыгъэпэща икIи абы и художественнэ унафэщI Балъкъэр Къазбэч, гупым хэтхэу макъамэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэм еуэ Увыж Анзор, Иуан БетIал, Индэрокъуэ Арсен, ХьэпцIэ Арсен, Ныбэжь Азэмэт сымэ фестивалыр ягъэдэхащ. Гупым къагъэщIэрэщIэжа адыгэ цIыхубэ пшыналъэхэр гъэщIэгъуэнт. Сыт щыгъуи хуэдэу, а лъэпкъ макъамэхэм щIалэгъуалэм гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яритащ.

Апхуэдэу пшыхьым къекIуэлIахэм ягу дыхьащ HIGHWAY SIX гупым и макъамэхэр. ЩIалэгъуалэр абыхэм къыдэфащ, я нэгу зрагъэужьащ. Лъэпкъ, рок макъамэхэр щызэхэухуэна зэхыхьэ дахэр щIэщыгъуэ, гукъинэж хъуащ.

Фестивалым хэтхэм папщIэ насыпырыхь джэгур къызэригъэпэщащ ахъшэ Iэрымылъхьэхэр зезыгъакIуэ «Mostpay» IуэхущIапIэм. Ар и кIэм щынэблагъэм джэгур яублащ. Зи кIэн къикIахэм къалъысащ планшет, ахъшэ саугъэтхэр, Налшык къалэм и «Ленар», «3 ZET» клиникэхэм пщIэншэу я нэм и щытыкIэр къызэрырагъэпщытэну тхылъхэр, уэрэджыIакIуэхэм я концертхэм зэрыкIуэну билетхэр, нэгъуэщI тыгъэхэр. Саугъэт нэхъыщхьэр - Айфон 6 S-р - зы щIалэм и насып къихьащ. Телефоныр абдежым занщIэу аукционкIэ ищэжыну щIалэм къыщыхилъхьат, арщхьэкIэ къехъулIакъым.

**АРЩЫДАН Синэмыс.**

## «Союз-Сэрмакъым» и япэ лъагапIэ

● Къэбэрдей-Балъкъэрым и кубок

**Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и кубокыр 2016 гъэм Iэрыхьащ «Союз-Сэрмакъ» командэм. Финалым ар вэсэмахуэ щытекIуащ Бабугент и «ЛогоВАЗ»-м.**



КъБР-м и чемпионатым щыджэгу щIыпIэ командэхэм ящыщу тIум илъэс къэс Iэмал ягъуэт республикэм и стадион нэхъыщхьэм зы зэIущIэ щрагъэкIуэкIыну. Абы папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кубокым и финалым ахэр нэсыпхъэщ. Мы гъэм апхуэдэ насып къеуэлIащ Бабугент и «ЛогоВАЗ»-мрэ Налшыкрэ Сэрмакърэ зэгъусэу ягъэджэгу командэмрэ. Кубокым и кIэух зэIущIэм хэтын папщIэ бабугентдэсхэм зэкIэлъхьэужьу хагъэщIат «Къащкъэтаур» (4:1), «Налшыкыр» (3:0), «Тэрчыр» (2:1), «Спартак-Налшык-Д»-р (3:2). «Союз-Сэрмакъыр» ефIэкIат «Школ №31»-м (6:0), «ХьэтIохъущыкъуейм» (4:1), «Псыгуэнсум» (2:1), «Автозапчасть»-м (4:3).

Налшык и «Спартак» стадионым фокIадэм и 6-м къыщызэхуэсахэм дэрэжэгъуэ къаритащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэм и кIэух зэIущIэм. Нэхъыбэу ар зи фIыгъэр мы илъэсым и пэщIэдзэм ди къалащхьэм и «Союз» командэмрэ Сэрмакъ къуажэм и топджэгухэмрэ зэхагъэхьэжу къызэрагъэпэща гупращ. Кульбаев Марат и гъэсэнхэм къагъэлъэгъуащ я хьэрхуэрэгъухэм куэдкIэ зэрефIэкIыр икIи лъагапIэ инхэр къызэращтэфынур. Псалъэм къыдэкIуэу къыхэдгъэщынщи, «Союз-Сэрмакъыр» Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатми щыпашэхэм ящыщ зыщ икIи «Къэхъуным» дэщIыгъуу зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр щиIыгъщ.

Япэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ «ЛогоВАЗ»-р егъэрыкIуэныгъэхэм хуежьащ. АрщхьэкIэ «Союз-Сэрмакъым» и футболистхэм я хьэрхуэрэгъухэр псынщIэ дыдэу я пIэм ирагъэувэжащ. Дакъикъэ пщыкIутху дэкIауэ арат ахэр япэ щищам. Мы зэIущIэм фIы дыдэу зыкъыщызыгъэлъэгъуа Бещтокъуэ Ибрэхьим и закъуэу «ЛогоВАЗ»-м и гъуащхьэтет Жангуразов Рэмэзан бгъэдыхьэри, тынш дыдэу бжыгъэр къызэIуихащ.

«Союз-Сэрмакъыр» япэ зэрищам нэхъри тригъэгушхуащ. 27-нэ дакъикъэм Бещтокъуэр аргуэру къыхэжаныкIащ икIи бжыгъэр 2:0-м нигъэсащ. Нэрылъагъут бабугентдэсхэм я лъэр абы зэрыщIигъэхупар.

Абдежми къыщыувыIакъым «Союз-Сэрмакъым» и ебгъэрыкIуэныгъэхэр. Ахэр къаруушхуэкIэ иджыри ипэкIэ кIуатэрт. Апхуэдэхэм ящыщ зым, Щэуей Амырхъан топыр дигъэкIыну гъунэгъу дыдэ хуэхъуауэ, «ЛогоВАЗ»-м и гъуащхьэхъумэхэм ираудащ. Судьям метр пщыкIузым и деж игъэлъэгъуащ. Аслъэныкъуэ Алан ар Iэзэу игъэзэщIащ.

Загъэпсэхуу къихьэжа къудейуэ Темукуев Мурат 4:0-у «Союз-Сэрмакъыр» япэ щригъэщам, псоми наIуэ ящыхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кубокыр зыIэрыхьэнур хэтми. ИкIи джэгум и кIэухым «ЛогоВАЗ»-м зы топ закъуэ дигъэкIыжыфами, абы Iуэхур зыкIи ихъуэжакъым.

«Союз-Сэрмакъым» хэту республикэм и кубокыр къахьащ Къаир Мирослав, Аслъэныкъуэ Алан, Алшагъыр Тимур, Мамбэт Арсен, Бырсекъуэ Ислъам, Махуэхэ Рэмэзанрэ Рустамрэ, Балэ Рустам, Нартыжь Елдар, Щэуей Амырхъан, Бещтокъуэ Ибрэхьим, Къуэжей Азэмэт, Темукуев Мурат, Куэцэ Аскэр, Лыджыдэ Астемыр сымэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ФутболымкIэ и федерацэм и тхьэмадэ Болэ Хьэсин текIуахэм кубокымрэ дыщэ медалхэмрэ, бабугентдэсхэм дыжьын медалхэр гуфIэгъуэ щытыкIэм иту яIэщIилъхьащ.

Хьэлэмэтращи, илъэс етIуанэ хъуауэ зэкIэлъхьэужьу мы саугъэт лъапIэр яIэрохьэ Балэ Рустам, Нартыжь Елдар, Къуэжей Азэмэт сымэ. Бахъсэн и «Автозапчасть»-м хэту абыхэм нэгъабэ кубокыр къахьащ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

## ПхъэнкIийр ягъэкъабзэ



● Акцэ

ХьэтIохъущыкъуей жыг хадэм пхъэнкIийр щагъэкъабзэ Iуэхугъуэм хэта Хэкум къэзыгъэзэжа адыгэ щIалэгъуалэр. ЩIыхьэхум хэтахэм ягъэкъэбзащ зоопаркым, абы и гъунэгъуу ежэх псым и Iуфэхэр. Мы Iуэху щхьэпэр къезыхьэжьа цIыхуибгъуым целлофан кIэрыхубжьэрыхуу къэпипщIым щIигъу пхъэнкIий зэхуахьэсащ. Зэман гъунэгъум абыхэм я мурадщ Шэдхъурей гуэлым и Iуфэм Iулъ фIейхэр Iуахыну.

**ПАГУЭ Шу.**

**Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур фокIадэм и 10-рщ.**


Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

**ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**



Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ уэрам, 5

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

**КЪУДАМЭХЭМ:** политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленинымрэ уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *редактору* **Щоджэн Iэминат,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Мариннэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.538 ● Заказ №1421